

KOMINYON AN

 . . . Seyè a. E nou sètènman regrèt ke nou pa gen plas pou akomode moun yo, epi pou sila yo ke yo—yo fè yo retounen, pou al deyò a. Mwen fèk tandè, kèk moman de sa, ki kote nou te ka jwenn yon teyat nan New Albany, ki ta petèt resevwa apeprè twa mil moun. Men nou te jis jis . . . Revèy la te jis pou ti gwoup la isi a nan legliz la. E—e nou jis gen yon ti moman pou retwouve nou lakay. E nou trè kontan wè nou tout anndan an.

² Si m pa twonpe m, mwen wè frè m ki soti Georgia a la a. Frè, m pa ka rele non w jis kounye a; Palmer, ki soti Macon, Georgia. Nou kontan genyen w isi a, Frè Palmer.

Frè Creech, isi a devan an, nou kontan wè w.

³ E mwen konnen ke yon kote nan bilding lan gen Doktè Lee Vayle, youn nan moun ki patwone reyinyon an—an nan Lima, Ohio, kote nan . . . Li se pastè Premye legliz Batis la, e yon—yon zanmi pèsone l mwen. Li te lakay li jodi a, e li te vin vizite nou pandan reyinyon an. Petèt nou, youn nan sware yo, n ap fè l leve epi di yon bagay. Mwen te eseye fè l pran plas mwen aswè a, pou pale, e li te refize sa. Kifè nou espere, petèt, ke petèt demen swa, oswa yon lè, Frè Vayle oswa kèk nan . . . ap kapab di youn ou de mo, ki konsène petèt reyinyon an oswa yon bagay anwo a la, kèlkeswa sa Seyè a mete sou kè l.

⁴ Gen lòt isit la ke m swete m te ka jis pran tan pou rekonèt yo tout, men nou kontan pou nou isi a. Mwen wè yon ti kanmarad dèyè a la, ki se yon gwoup minis ki vini, ki te vin vizite m apremidi a, ki soti laba a nan Arkansas epi tou ki soti Missouri.

⁵ E kounye a, aswè a, nou vle rachte tan an, paske chak swa nou pral eseye fini a nevè, si sa posib. Aswè a se sware Kominyon, kifè li pral jis yon ti kras pita aswè a ke dabitid.

⁶ Demen swa, si Seyè a vle, mwen vle preche sou: *Kidonk Se Pou Nou Pafè ak Sakrifis Pafè A*, demen swa. Epi, apre sa, se Vandredi Sen.

⁷ Epi samdi swa se *Antèman An*, si Seyè a vle.

⁸ Dimanch maten, sèvis Solèy leve a sizè. Epi a dizè, yon sèvis batèm. Epi dizè edmi, lesan lekòl dimanch la, sou rezirèksyon an.

⁹ Epi dimanch swa, yon sèvis gerizon regilye tankou sa nou genyen nan—nan chan evanjelik la.

¹⁰ Kifè, kounye a nou gen konfyans ke n ap mennen zanmi pechè yo, e latriye, epi vini epi pou n avè nou, epi ede nou nan reyinyon sa k ap vini an . . . kontinyasyon reyinyon sa a, pito.

¹¹ Mwen gen yon nouvo Bib, aswè a, se yon frè Dunkard ki te ban mwen li. E se on jan de gwo bagay. Se premye fwa m te janm preche avè l. Li yon ti jan anbarasan pou mwen.

¹² Kounye a, mwen konnen ke nou te rankontre pou yon sèl bi, sa se, pou—pou fè kòz Kris la avanse, e pou jwenn lapè nan nanm nou, e pou fè nou vin pi bon gason ak pi bon fanm, pi bon sèvitè Seyè a. E si nou vini pou nenpòt lòt lide, franchman, alò Seyè a p ap beni nou. Nou vini pou mande èd. Nou vini, ap gade nan direksyon Bondye. E sa se kay koreksyon an, kote Bondye ban nou nan benediksyon L yo, epi korije nou kont sa ki mal.

Kounye a jis anvan nou louvri Pawòl la, oswa—oswa mande Sentespri a ede nou, annou koube tèt nou.

¹³ Papa beni ki nan Syèl la, nan Prezans Divin Ou nou prezante tèt nou kounye a, kòm moun k ap koute Levanjil la, e antan ke moun k ap pote Pawòl la; sikonsi bouch k ap pale yo, ak zòrèy k ap tande yo, ak kè k ap resevwa yo. E se pou Sentespri a divize pou nou, aswè a, epi bay Verite gras Etènèl Bondye a, bay chak grenn nan nou; pou ke, lè nou kite bilding sa, aswè a, nou va di tankou sa yo ki t ap soti Emayis, “Èske kè nou pat boule anndan nou, paske Li te pale avè nou sou wout la?” Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

¹⁴ Nan Liv Levanjil Sen Matye a, nan chapit 26 la, vèsè 27 ak 28 la, pou yon tèks mwen swete li.

Epi li pran koup la, epi lè li fin rann gras, li pase l ba yo, epi li di: Nou tout bwè ladan l;

Paske sa a se san mwen, san nouvo testaman an, ki koule pou anpil moun pou padon peche yo.

Men m ap di nou sa: Depi kounye a, mwen p ap bwè fwi pye rezen an ankò, jout jou m a bwè l ankò avèk nou nan wayòm Papa m lan.

¹⁵ E kounye a nou pral pale sou: *Kominyon An*. E sa se premye sware Kominyon an.

¹⁶ Epi kominyon an te fèt, an premye, byen lwen nan peyi Lejip, premye kominyon an, ki te ayo pak la—la ke yo te touye a, ki te tip Kris la. E anpil nan nou abitye ak ansyen istwa beni sa, ki pale de kijan sila yo ki te pran kominyon an laba a, te mache nan dezè a pandan karantan. E lè yo te soti, pa t gen youn ki fèb nan mitan yo. E la, menm rad yo pat menm chire, pandan karantan Bondye te pwoteje yo.

Ala yon asirans beni sa ye pou nou aswè a! Si sa se tip la, alò Kris se antitip la. E ala Bondye te delivre timoun yo!

¹⁷ Epi, nan pran kominyon an, se te diferans ant lavi ak lanmò. Sa yo ki te anndan an, anba san ki te vèsè a, te pran kominyon an. Pèsonn pa t ka pran kominyon san li pa kouvri ak san ki te vèsè a. San ayo a te vèsè an premye, epi apre sa yo te mete sou lento a ak panno pòt la . . . lento a se bwa travès la, epi sou panno

pòt la. Epi yo te griye ayo a, epi yo te . . . epi—epi yo te manje l ak zèb anmè, epi yo te mare senti yo. Apre san an te fin vèsè, e yo te fin pase anba san ki te vèsè a, yo te mare senti yo epi yo te pare pou mach la.

¹⁸ E kounye a se yon trè bèl tip aswè a, de, moun k ap pran Kominyon ki pa dwe asosye oswa afilye ak bagay lemond ankò. Yo dwe vin anba San an an premye, epi pou yo pirifye de tout peche, ki se enkredilite, epi lèfini mete soulye preparasyon Levanjil la, abiye ak tout zam Bondye a, pare pou resevwa konvokasyon nenpòt kilè.

¹⁹ E se te siy lan—lan ke zanj lanmò a pat ka ale anba san sa. Zanj lanmò a te dwe leve epi pase sou anlè san an. E men kote powèt la te jwenn enspirasyon an, lè l te di: “Lè m va wè San an, m ap pase sou anlè nou.”

Se te prèske lè delivrans lan lè yo te aksepte kominyon an, ayo griye a—a ak zèb yo—yo ke yo te pran anvan yo te pati.

²⁰ Bon, nan antitip ke nou pral pale sou li a, sa fè plizyè lane de sa, aswè a, ke Jezi te pran sa nou konnen kòm Soupe Seyè a, Kominyon an. E gen yon bagay sou sa, ke, Li ta pral pale ak disip Li yo. E jis anvan L ale, Li te vle pale sou sa avèk yo. E se yon . . . Yo te gen yon chanm ki te prepare. Se te yon moman pou fratènite. E *kominyon* an vle di “yon fratènite.”

²¹ Anpil nan legliz yo gen Kominyon fèmen, sa vle di, se jis pou pwòp legliz yo lè yo gen Kominyon, men isi a nou pa yon denominasyon, nou gen yon Kominyon louvri pou tout, paske nou kwè ke chak kwayan gen dwa sou tab Seyè a, epi pou fratènize toutotou bon bagay Bondye yo, ak tout kwayan, kèlkeswa kredo, koulè, oswa kèlkeswa sa l ye a, ke tout te bwè nan menm benediksyon an, Kris.

²² Bon, gwo lè sa a te pwoche bò kote Seyè nou an, youn nan moman ki pi epwouvan nan tout vwayaj terès Li a te jis toupre. Tan eprè! Jezi te dwe pase nan eprè, jis menm jan nou pase nan eprè. E Bib la di ke “Tout pitit gason ki vin jwenn Bondye, dwe epwouve, fòme, korige dabò.”

²³ Bon, anpil moun, se yon konfwontasyon lè tan tès la rive. Se tan kote pou w fè prèv. Epi Bib la di: “Si nou pa ka sipòte tès la, alò nou vin timoun ki pa lejitim,” n ap deklare Bondye se Papa nou, epi lèfini Li pa Papa nou. Paske si nou te resevwa Seyè Jezi a kòrèkteman, e ak tout kè nou, kòm Sovè pèsònèl nou, pa gen anyen sou tè sa a oswa nan tout letènite fènwa a ki ka—ka janm separe nou de lanmou Bondye ki nan Kris Jezi.

²⁴ M sezi nan jou sa, e m te toujou sezi lè moun pretann yo se Kretyen, epi, premye ti eprè ki vini an, yo tonbe sou bò chimen an. Sa montre ke se te yon konsepsyon entelektiyèl sou Kris la. Se pou rezon sa a anpil pa kenbe fèm jodi a, se paske se yon konsepsyon entelektiyèl. Entelektiyèlman, ou te ka kwè Li, men Li ale pi lwen ke sa. Aksepte Kris, se aksepte Pèsòn Kris la.

25 Anpil nan nou aksepte relijyon Krisyanis lè yo aprann kredo. Lòt aksepte Krisyanis sou doktrin batèm yo. Lòt kwè ke yo se Kreyen poutèt kèk emosyon ke yo manifeste, tankou rele byen fò, oswa danse nan Lespri, oswa pale an lang, oswa gen yon don mèveye pou prezante. Tout bagay sa yo bon nan plas yo. Men, aksepte Kris, se aksepte Pèsòn Kris la, epi lòt bagay sa yo jis otomatikman tonbe nan liy.

26 Kounye a, si Bondye pa t epaye Pwòp Pitit Li a anba eprèv kriyèl la, alò Li p ap epaye ni ou ni mwen anba eprèv kriyèl la.

27 E Jezi te isi a ap konfwonte pi gran tès ke Li te janm genyen an, Jetsemane ki te poze jis devan L, kote tès inik, definitiv e ki sifi nèt sa a dwe vini an, [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] alòske fado lemonn antye te poze sou zepòl beni Li. Pa t gen pèsòn nan tout Syèl yo oswa sou latè ki te ka janm sipòte sa esepite Li. E pou konnen ke tout peche yo, peche pase yo, ak peche prezan yo, ak peche alavni yo, te repoze sou desizyon sa a. E se te youn nan pi gran viktwa ke Kris te janm genyen, oswa ki te pwouve gran Mesyanite Li a, tankou lè Li te di Bondye: “Se pa volonte pa Mwen; se pou volonte Ou fèt.” Se te pi gran viktwa Li te janm genyen. Tout demon touman yo te toutotou pou tante Li epi epwouve Li.

28 E lè nou vin anrèg ak Bondye, lè kè nou vin pi, epi Sentespri a pran plas Li nan kè nou, se bagay ki pi gloriye pou nou gen eprèv. Bib la di nou ke, “Tès ak eprèv nou yo pi presye pou nou pase ajan ak lò monn sa.” Kifè, nou se, nou ta dwe rekonesan.

29 Mwen pa swete mennen pwòp tèt mwen nan yon eksperyans, men jis kòm sa vin nan lespri m, mwen sonje gwo tès final ke m te pase nan eksperyans Kreyen m lan, se te laba a nan lopital la isit la sou Spring Hill. Alòske, madanm mwen te lonje nan mòg la isi a, tankou yon kadav, e li te fèk kite lavi sa, pou l al jwenn Bondye. Epi tès yo ak eprèv yo te kòmanse! Pa jis yon moun k ap di: “Billy, ou se yon egzalte.” Oswa, se pa t vrèman yon tès. Epi lòt ti eprèv sa yo, e latrèye, de kritik nan men mesye m ap travay avè yo, se pa t vrèman yon tès. Men gran moman tès mwen an rive lè doktè a, Adair (ke m te repete l ba li yè nan lopital la lè nou te chita ansanm), epi lè l te desann nan koulwa a pou l rankontre m, epi li te pran men m, epi li te di: “Billy, tibebe w la ap mouri, e pa gen okenn chans pou l viv. Li gen menenjit tibèkiloz.”

Mwen te di: “Sètènman non, doktè!” E manman l te kouche, tankou yon kadav!

30 Epi m te antre. Epi li te di: “Jis vini avè m.” E nou te ale nan laboratwa a, e la li te pran yon ti tib an vè, epi li te sekwe l. E te sanble gen yon tras ladan l. Li di: “Sa se jèm menenjit la e li nan bebe a. Nou te rale sa nan kolòn vètebral la, pou soulaje kontraksyon an.” Epi li di: “Nan sa, nou jwenn ke se menenjit tibèkiloz.” Li di: “Li te pran l nan rale tete manman l.” Epi li di:

“Si bebe sa ta dwe viv, li t ap enfim, aflije. Men,” li te di, “pa mizèrikòd Bondye, bebe a pral avèk manman l.”

Mwen di: “Doktè, mwen vle wè bebe a.”

Li di: “Ou pa ka fè sa, Billy, poutèt Billy Paul, pitit gason w lan.” Li di: “Ou t ap pote mikwòb la ba li.”

³¹ Epi, apre l fin eseye ankouraje m pi byen ke li te konnen, lè li te kite bilding lan, mwen te glise alantou a epi m te desann nan sousòl la. E lè m te rive la, lopital la nan moman sa pat ranje jan l ye kounye a, epi fenèt la te louvri epi moustikè a te soti, e kèk mouch te antre nan je ti pitit la. Epi m te chase mouch yo epi m te bese je m gade ti kò li, tou mèt, ak ti janm li yo ki t ap bouje devan dèyè. Epi m di l: “Sharry, cheri, èske w konnen papa?”

³² E sa te sanble tankou li t ap eseye fè m siy ak ti men l; li te gen apeprè uit oswa nèf mwa. E m te gade l. E li t ap souffri tèlman di, yon ti bebe inosan, jouktan youn nan ti je ble bebe l yo te kwaze. Tèlman anpil doule! O, mwen t ap pran l nenpòt lè, nan plas li.

³³ Epi m te mete m ajenou, ak pòt yo fèmen, epi m te di: “O Bondye, Papa, men madanm mwen kouche la, manman bebe a lonje laba nan mòg ponp finèb la. Men Billy Paul sou kabann lan, malad. E men tibebe m lan, k ap mouri. Se sèten, Seyè, Ou p ap pran l. Mwen renmen l. E li sanble ak manman l. Mwen vle leve l. Tanpri, O Bondye, èske W pa vle epaye lavi tibebe m lan?”

³⁴ E pandan m te gade anlè . . . E jan nou tout konnen, mwen te toujou gen tandans gen vizyon. Li te sanble tankou yon dra nwa te kòmanse dewoule, ap desann, e kòm si Bondye te pran priyè m lan epi te voye l tounen dwat nan figi m. Epi m di: “Kisa m fè, Bondye? Èske m te vyole lwa W yo, pou m ta gen pinisyon sa a? Si se sa, Ou mèt jis revele l, epi m ap repanti. M ap fè nenpòt bagay, men pa pran bebe m lan.” E m te wè li ta prale, kanmenm. Mwen te leve kanpe.

³⁵ Epi tantatè a te vin jwenn mwen. Men sèl moman an ki te genyen nan tout vi m, ke m ka rele, se te moman kritik la, Jetsemane m lan. Lè m te jis apèn kenbe kabann lan, dyab la te di: “Men ni. Sa se rekonpans lan poutèt w ap eseye sèvi L. Ou vle di ke L ap pran jenn manman venndezan sa, epi lonje l laba tankou yon kadav nan mòg la? Epi L ap pran tibebe presye a, pwòp chè w ak san w? Epi L ap frape priyè w la drèt nan figi w? Epi ou vle di ke ou pral sèvi L?”

³⁶ Mwen te balanse nan mitan de opinyon. Mwen te dwe deside. Alò mwen mete men m sou ti tèt li, mwen di: “Seyè a te bay, e Seyè a rebran, ke Non Seyè a beni!” M te santi yon soulajman.

³⁷ Mwen di: “Sharry, cheri, Papa pa ka ale kote w ye kounye a, men Papa ka vini yon jou. Mwen pral lonje w sou bra Manman, epi antere w, men Papa pral wè w ankò yon jou.”

38 Mesye Isler, ki petèt chita prezan kounye a (mwèn pa ka wè nan foul la), ansyen senatè eta isi a nan Indiana. Mwèn t ap monte sou otowout la. Mesye Isler, mwèn sipoze ou ka byen sonje sa.

39 M te gen men m dèyè do m, m t ap monte nan simityè a, jis apre inondasyon an, m t ap kriye. Mwèn te abitye monte la nan aswè. Yon vye toutrèl te konn poze la nan pye bwa a, e li te konn chante pou mwèn. Li te sanble ke nan briz k ap soufle ant pye pen ak pyebwa sa yo, te sanble tankou chante a t ap chwichwi atravè li, ap di:

Gen yon Peyi lòt bò rivyè a,
Ke nou rele dousè pou tout tan an,
Nou sèlman rive sou rivaj sa pa dekrè lafwa;
Youn pa youn nou pase nan pòtay la,
La pou abite ak imòtèl yo,
Yon jou y ap sonnen klòch annò sa yo pou ou
menm avè m.

40 Mesye Isler, t ap kondwi vye kamyon l lan, li te sote soti, epi l te antoure m ak bra li. Li di: “Mwèn te tandè w preche nan kwen lari a, Billy; mwèn te wè w kanpe nan tabènak la; mwèn te tandè w chante kantik yo; jan w te egzalte Kris, sa w te di Li te ye!” Li di: “Kounye a Li pran papa w, frè w, madanm ou ak tibebe w la.” Li di: “Kounye a kisa Li vle di pou ou?”

41 Mwèn di: “Mesye Isler, si Li ta voye m nan rejyon moun ki pèdi yo, mwèn t ap toujou renmen L! Paske, yon jou, anba la a nan yon vye depo chabon, yon bagay te rive isit la nan fon kè m, ke pa gen anyen ki ka efase l. Se pa t anyen ke m te fè. Se te gras Etènèl Bondye ki te kenbe m nan lè gwo desizyon an!”

42 E lè Seyè beni nou an, nan Jetsemane a, lè L ta prale la a, lè Li te re- . . . pou yo rejte L nan Jerizalèm, epi konsèy la ta pral pran lavi Li, alòske destinasyon Etènèl chak nanm, ki te janm egziste oswa ki t ap gen pou egziste sou tè a, te repoze sou desizyon Li.

43 O, ala pa m lan te piti, konpare ak sa! Ala pa nou an te piti, konpare ak sa! Sa tèlman fè pitye ke nou pa ka sipòte ti bagay sa yo!

44 Men nan gwo lè kritik sa, jouktan Li te soufri, nan konnen tout bagay, jouktan dlo a ak San an te separe nan kò Li, epi gwo gout San tankou gout swe t ap koule sou fwon Li. Li te fè eksperyans yon lanmò ki pi entans nan Jetsemane pase sa L te fè sou kwa a.

45 Li te jis nan evènman sa a, jis anvan pou gwo batay la te kòmanse, e Li te pran Kominyon an. Li te rasanble disip Li yo ansanm, pou pale sou bagay yo avèk yo.

46 E se konsa Li fè pou ou menm avè m, jis anvan gran batay lavi a kòmanse. Anvan gran batay pou byen ak mal la kòmanse gouden anndan nou, Bondye mennen nou nan yon Jetsemane. Li

mennen nou nan kominyon an, epi Li pale sou tout bagay avèk nou.

47 Byen lwen nan Phoenix, Arizona, te konn gen yon ti triyo ki te konn chante pou mwen, “Mwen ta renmen pale sou sa ak Jezi. M ta renmen di: ‘Jezi, Ou te renmen m lè chemen m te vin si tèlman etwat. Lè li te tèlman fènwa ke m pa t ka wè pi lwen, Ou te renmen m lè li te fènwa.’” Epi ti chante a kontinye pou di, ke: “Mwen ta renmen pale sou sa.”

48 E se yon bon bagay ke gason ak fanm sou tè sa, rete nan vwayaj long lavi a, epi pale sou sa ak Jezi, gen kominyon avè L, nan yon fratènite. Alò batay la kòmanse, batay tè la ak eprèv la. “Tout pitit gason ki vin jwenn Bondye, dwe pase anba tè.”

49 Bon, Kominyon an se pa yon, li pa bay nan bi ke anpil moun panse li ye a. Yon sèten denominasyon legliz anseye li, ke yo rele kominyon “dènye sakreman yo,” ke li gen rapò ak sali. Kominyon pa gen rapò ak sali. Kominyon pa ba ou sali. Kit ou pran l lè w ap mouri, oubyen—oubyen nenpòt lòt bagay, li pa gen absoliman anyen pou wè ak sali ou.

50 Se yon komemorasyon. Jezi te di, nan Levanjil la, Li te di: “Fè sa pou nou sonje Mwen.” Non, li pa apiye ni montre sali, men se pou komemorasyon yon travay fini ki te fèt nan ou, pa Sentespri a. Se yon komemorasyon.

51 Bon gen anpil moun ki pran Kominyon an ki pa sove. Anpil moun te manje ayo paskal la e yo te peri nan dezè a. E gen anpil moun ki pran Kominyon an, jodi a, ki p ap janm wè Bondye.

52 Men ou pa ka patisipe nan sali Li epi pou w pa wè L, paske sali se yon don Bondye. E Kominyon se komemorasyon gran Sakrifis, ki sifi nèt la ki te fèt pou sali a. Se pou pèmèt moun wè ke nou kwè nan lanmò, antèman, ak rezirèksyon Seyè Jezikri a. Li reprezante yon travay ki fini.

53 Sali a pa t konplè yon fwa, nan ofrann kabrit la, mouton an, ti vach la, nan Ansyen Testaman an, paske san Ansyen Testaman an pat ka ekspye peche. Li te ka sèlman kouvri peche. Se te yon siy ki montre yon tan kote li ta pral konplete. Demen swa nou pral antre drèt sou sa. Men se te sèlman yon tip.

54 Men lè Jezi te vini, e San Li te koule sou Kalvè a, se te yon divòs konplè ak peche. Sa te retire peche. Se sèl mwayen sali a. Pa gen fè w manm legliz, pa gen okenn lèt asosiyasyon, pa gen okenn seremoni batèm, pa gen okenn Kominyon, ni okenn eleman nan seremoni an, ni okenn atik ke Bondye te kite, kòm eleman ki gen rapò ak sali; tout bagay sa yo se pou komemorasyon yon travay ki fini!

55 Batèm dlo pa sove w, menm si pafwa moun panse li fè l. Batèm dlo se yon komemorasyon lanmò, antèman, ak rezirèksyon Seyè a. Li pa sove w.

⁵⁶ Kominyon se pou komemorasyon gran agoni Li a ak depa Li, ak kò Li ki te brize a, ak San Li ki te koule a. Se pa San literal la, se pa kò literal la; men se pou komemorasyon kò literal Li, ak San presye Li. E nou pran sa kòm yon lòd, e Jezi te kòmande nou pou n fè l. Toutotan Li rete lwen, nou dwe pran li.

⁵⁷ Nou gen yon bèl foto ekstraòdinè nan Liv la, nan Lèt Ebre a, nan setyèm chapit la. Mwen ta renmen li jis yon ti plas nan Ebre 7, pou jwenn yon kontèks pou ale ak sa.

Paske Mèlkisedèk sa a, wa Salèm, sakrifikatè Bondye ki anwo nan syèl la, ki te rankontre Abraham lè l t ap retounen soti nan masak wa yo, epi ki te beni l;

Moun patriyach Abraham te bay yon dizyèm . . . nan tout bagay; premyèman dapre entèpretasyon an, yo rele Wa jistis la, . . . apre sa Wa Salèm nan, ki vle di Wa lapè a;

⁵⁸ Remake, nou vle retounen, epi reflechi. Pòl isi a ap refere l a yon pèsonaj nan Ansyen Testaman. Nan Liv Jenèz la, nou pran lavi Abraham, apati de chapit 12 Jenèz la. Bondye bay Abraham pwomès la, e atravè Abraham Semans jis la t ap vini. E Abraham, jan anpil moun kwè li se yon Jwif, se pa sa li te ye. Abraham te yon Moun lòt Nasyon, yon Kaldeyen ki soti nan vil Our. E li te vin sèvitè Bondye, pa paske li te diferan de nenpòt lòt moun, men poutèt eleksyon Bondye a.

⁵⁹ Ou pa sove paske ou se yon bon moun. Ou sove paske Kris te chwazi w. Nanpwen okenn nonm ki chache Bondye; se Bondye ki chache lòm. Jezi di: “Okenn nonm pa ka vin jwenn Mwen sof si Papa M atire l an premye.” E si nou te ka rete jis pou kèk moman epi reyalize gwo enpòtans sèl bagay sa, ke se te Bondye Ki te chwazi w, Li pa t vle ke ou ta peri; men Li ba ou opòtinite a, epi te rele w, epi te eli w pou w se sèvitè Li. Ebyen, kisa ki ka pi presye pase sa? San w pa gen yon chwa! Li t ap totalman enposib pou nenpòt nonm chache Bondye, paske, pa nati, li se yon pechè, e li pa gen anyen nan li pou bay yon dezi pou sèvi Bondye.

⁶⁰ Èske w te ka al jwenn kochon an epi di l li antò? Li se yon kochon, pa nati. Èske w te ka di l ke rejim alimantè li a pa bon? Sètènman non. Pa nati, li se yon kochon. Ou ta dwe di l li ta yon ayo, men li satisfè antanke yon kochon.

E yon pechè satisfè antanke yon pechè, paske nati li se yon pechè.

⁶¹ E men li! “Nou tout fèt nan peche, fòm nan inikite, vini nan mond lan ap bay manti;” pa nati, yon timoun dezobeyisans, san Bondye, san yon lespwa, kolè Bondye rete sou nou. E pa gras renmen Kris la, Bondye, nan gras souvren Li ak omnipotans Li, frape nan kè w epi ba w opòtinite beni an, epi te fè w vire tounen, epi te voye w sou wout la. Kijan w te ka refize sa? Chanje tout dezi w, fè w vire tounen, epi fè w kòmanse lòt chimen an! O, ou pral idyo, pou mond lan; men ou va beni, nan je Bondye.

“Benediksyon pou sila yo ki grangou e ki swaf jistis, paske yo va ranpli,” Seyè Jezikri nou an ki di sa. Bondye, pa gras etonan Li!

⁶² Remake, se te sa Bondye te fè a, sa Bondye te rele. Ou pa t gen okenn volonte pou rele. Ou pa te ka gen okenn dezi pou rele, paske nati ou te konplètman kontrè ak Li. Men Bondye, pa eleksyon, te rele w e Li te fè w vire tounen, epi mete afeksyon w yo sou Kris ak bagay Anwo yo. Kijan nou ta ka rejte L?

⁶³ Apre sa Bondye te montre, nan Abraham, kisa Li t ap fè pou tout moun. Non sèlman pwomès beni sa de rezirèksyon an ak Lavi Etènèl yo te bay a Abraham, men pou Semans li apre l, Aple a, Eli Bondye a.

⁶⁴ E nou remake ke, Abraham deyò a nan chan kote l te rete yo. Frè li, li te rele l, Lòt; se te vrèman neve li, pitit frè l. Epi tan an te rive pou tè la. Epi Lòt te febli anba tè la. Li se yon imaj pafè de kwayan chanèl la jodi a. Lè eprèw yo vini, pou rete sou tè arid la, Abraham te ba l chwa li. Epi Lòt te leve je l epi li te wè chan yo, vale a, e li te plen ak zèb. Li te plen ak bèl kay tou. Li te plen ak jwa. Li te plen ak peche tou. Men Lòt, ki gen nati chanèl la, ki te renmen mond prezan sa plis pase bagay ki pou vini yo, te chwazi pito viv ak liks nan lavi sa, pase pou gen Lavi ki vin apre a.

⁶⁵ Abraham, yon tip pafè de vrè kwayan an ki te lave nan San Ayo a, ke afeksyon l yo te fikse sou bagay anwo yo, li te di: “M ap pran chimen an ak kèk pa Seyè a ki meprize yo. Kèlkeswa si sa te koute popilarite mwen, kèlkeswa sa l te koute, m ap pran chimen an ak ti kantite pa Seyè a.” E li te chwazi pou l rete nan peyi kote Bondye te mete l la, anba tan eprèw la.

⁶⁶ Mwen mande m aswè a si m ap pale ak moun ki yon fwa te kòmanse pou kontinye avèk Bondye, e, lè tan eprèw la rive, nou te chwazi pito pou n retounen nan mond lan epi fè bagay ki nan mond lan, oswa èske nou te pran ansyen chimen sali ki rèd la?

⁶⁷ Èske nou te fè tankou Moyiz, lè l te anba eprèw, lè li te gen pye l sou twòn peyi Lejip la? “Men, li te estime richès Kris yo pi gwo trezò pase tout richès Lejip yo.” Li te abandone Lejip, li pa t okipe l konbyen lò, konbyen ki popilè. . . Li te pran Bondye sou Pawòl Li e Li te abandone bagay Lejip yo, nan konsidere opwòb Kris la pi gwo richès pase trezò Lejip yo.

⁶⁸ Kisa nou fè anba tè la, lè eprèw difisil yo vini? Lè yo di paske ou separe tèt ou ak bagay lemond yo, ke ou se yon fanatik relijye, èske presyon an ap vini? Li dwe vini, e ou dwe fè chwa a.

⁶⁹ Men mwen ta pito rete anba lonbray Toupwisan an, mwen ta pito pran chimen pa m epi, tankou Jakòb, gen yon zòrye an wòch. Mwen ta pito mond lan konsidere m kòm, “yon fou,” pase pou m gen tout richès ak benediksyon ke mond sa te ka gen mwayen pou bay. Paske, benediksyon Bondye yo pi gran pase tout richès ak lò ak ajan mond sa a! Kounye a remake.

⁷⁰ Alò lè gwo eprèw yo rive, Lòt te tonbe nan peche. Sonje, li te sot sou mòn lan, desann nan plenn lan. Li te retwograde, tankou. . . Yon reprezantan pafè Krisyanis chanèl jodi a, yon swadizan, ki chwazi pito pran wout fasilite a, kabann flè fasilite a, pase pou rete fidèl nan tan eprèw la. E finalman li te vin tonbe nan pwoblèm.

⁷¹ E se sa ou pral genyen, tou. Lè w chwazi kabann ak plim fasilite sa, sonje, ou pral gen pwoblèm, yon bagay. “Peché w yo pral atrap ou!” E Bondye va ratrape w, yon jou.

⁷² Epi yon jou wa a, wa Moun lòt Nasyon yo nan gran rejyon lwen yo, te vini epi te pran Lòt ak pitit li yo, madanm li ak tout sa l te genyen, e li te sove avèk yo.

⁷³ Epi yon jou, zanmi frajil mwen, si w pa rete anba San an, wayòm Satan yo pral ratrape w epi pote w ale, si w pa rete anba San an.

⁷⁴ E Abraham, yon tip jis la, li te sitèlman sousye pou neve li, yon reprezantan vrè Kreyen reyèl la, ki te pase anba tè la, ki te epwouve, e ki te pwouve fèt li.

⁷⁵ Kounye a, fanm yo te gen anpil bagay pou wè ak sa. Madanm Lòt te chanèl, chanèl anpil. Li kanpe jodi a nan chan yo la, kòm yon kolòn sèl, tankou yon wont, pou sila yo k ap pase bò la.

⁷⁶ Sarah, yon bèl fanm, li te vle fè sa Bondye te vle l fè. Li te respekte mari l; dayè, nou te pale tèlman klè sou sa yè swa. E li te rete avèk Abraham, kèlkeswa sa k te vini oswa ki te ale. Li te rete avè l paske li te rete ak pwomès la. Se bagay la sa.

⁷⁷ Alò lè yo te mennen Lòt ale, kè Abraham te fè l mal pou li. E li te rasanble yon lame ak pwòp sèvitè l yo, e li te pati dèyè frè li. E yon trè bèl tip. Yo te pran epe yo epi yo te tchake wa sa yo, jouk pa t gen youn nan yo ki te rete.

⁷⁸ E sa se tip predikatè Levanjil la, lè l wè ke peche te pran legliz li epi te pran moun yo. Li pran ansyen Levanjil beni an, Epe Lespri a, epi li tchake l epi l tchake l, jouk li rache peche soti nan legliz li, si li se yon vrè sèvitè Bondye. Li retire tout bagay san sans, tripotay, medizans. Li deplase tout bagay ak nati chanèl nan mond lan ki te glise antre nan legliz la, si li se yon vrè sèvitè Bondye. Li pran Pawòl la, epi l tchake l soti nan yon bò al nan yon lòt, jiskaskè li koupe tout bagay.

⁷⁹ Epi lè l te fin pran Lòt, frè l la ki te retwograde, ak timoun yo, e li t ap mennen yo tounen nan rekonsilyasyon, remake, gran Wa sa te desann sot Jerizalèm, epi te rankontre l. Mèlkisedèk! Ki kalite Nonm sa te ye? Yo te rele l “Wa Salèm.” Ke, nenpòt save konnen ke *Salèm* te “Jerizalèm.” Yo te rele li Salèm anvan yo te rele l Jerizalèm. Kimoun ki te Nonm sa ki te rankontre li, ki te panse li te fè bon demach la? Kiyès Moun sa a ki te kanpe bò kote l la? Gade Kiyès Li ye.

. . . Li se *Wa Jerizalèm*, e Li se *Wa Lapè a* tou;

Vèsè twa:

San papa, san manman; san desandan, san kòmansman jou, oubyen san fen lavi; . . .

Kiyès gwo Prens sa a ki te rankontre l apre batay la te fini? Ann vire nan Jenèz, vèsè 14 la . . . chapit 14 la ak vèsè 18 la.

Epi Mèlkisedèk ki te wa peyi Salèm fè pote pen ak diven vini: . . .

. . . li te beni l, epi li te di: Benediksyon pou . . . Bondye ki anwo nan syèl la, li menm ki pwoteje syèl la ak tè a: e se pou Abraham ki sèvitè Li beni.

⁸⁰ Apre batay la te fini, apre viktwa a te ranpòte, apre yo te fin fè pirifikasyon an, Mèlkisedèk te rankontre Abraham nan plenn yo, epi L te pote pen ak diven, epi L te sèvi l ba li.

E Kiyès? Se pa t lòt moun ke Sila ki te rankontre Abraham lan apeprè yon lane pita, ki te chita anba pyebwa a epi ki te pale avè l.

⁸¹ E menm Mèlkisedèk sa a te di: “M p ap pran fwi nan pye rezen an ankò jiskaske m bwè l ankò avèk nou, nan Wayòm Papa M, apre batay la fini, lè viktwa a fin ranpòte.” Alò nou va rebran l ankò nan Wayòm Li, lè dènye batay la mennen. Lè dènye epe a touye dènye mal nan mond lan, epi gran Legliz Bondye vivan an triyonfe, Kris pral rankontre yo anlè a, ak pen an ak diven an, ankò, epi pran Kominyon an, epi pou Letènite nan Prezans Papa a.

⁸² O, pèlren fatigue, aswè a, retounen nan Kay Papa a. Soti nan Sodòm! Nou te rekonsilye pa San an. Epi sware memorab gloriye sa a, lè gran Mèlkisedèk nou an, Ki pa t gen ni kòmansman jou ni fen lavi, men Ki se yon Wa ak yon Prens pou tout tan e pou tout tan.

⁸³ Sentespri a isi a aswè a ap koutize moun ki pa sove yo, kounye a si w san Kris aswè a. E lè batay la fini, si w vle rankontre L nan lapè epi pran Kominyon an avè L, e ou te pwomèt ke ou renmen L, epi separe tèt ou ak bagay lemond yo. Pran ansyen Levanjil rèd la ak chimen ansyen mòd ki rèd la, epi bwè koup anmè pèsekisyon mond lan, epi bwè medikaman anmè pèsekisyon mond lan; se Bib la ki ban nou li ke nou va bwè diven dous Syèl la yon jou, lè nou rankontre L nan lapè laba ant Syèl la ak tè a, lè Li vini pou sèvi Kominyon an. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

⁸⁴ Se pou kè nou reflechi sou sa: “M ap bwè l ankò avèk nou, nan Wayòm Papa M lan.” Si Li ta vini anvan yon lòt Pak vini, si ou ta dwe mouri anvan yon lòt Pak vini, sa p ap anpeche gwo evènman sa. Paske mwen di, dapre Pawòl Seyè a, ke sila yo k ap dòmi nan Kris va vini an premye. E noumenm ki vivan epi ki rete nou va anlve avèk yo, ansanm, anlè a, pou rankontre Seyè a. E gran Mèlkisedèk nan Syèl la, pa Wa nan Jerizalèm natirèl la,

men Wa Jerizalèm Selès la, Nouvo Jerizalèm lan, va rankontre nou, epi yo va sèvi nou ankò diven an ak pen an.

⁸⁵ Aswè a nou dwe pran senbòl sa yo. Se pou nou fè l jouk nou jwenn L ap vini ankò. Ke yo jwenn nou fidèl pandan n ap bese tèt nou jis yon moman, pou yon mo priyè.

⁸⁶ Tout moun jis rete trankil otan sa posib, nan moman sakre, ki pi solanèl sa. Ala li fasil pou kite bagay sa yo glise! Bib la di: “Pou nou pa ta kite bagay sa yo chape, epi neglije yon gran sali konsa.” Li tèlman fasil pou bliye l. Nou pa vin legliz pou yo wè nou. Nou pa vini pou tandè bon chante oswa yon bon sèmon. Nou vin legliz pou adore, pou adore Bondye.

⁸⁷ E nou chak, èt mòtèl nou yo gen yon nanm ki dwe rankontre L yon jou. E lavèy gran jou krisifiksyon sa a, pou komemorasyon depa Li, aswè a, si w pa yon Kreyen, ou pa janm aksepte Kris nan lavi w kòm Sovè, èske predikasyon Pawòl la konvenk ou ase, e se Sentespri a ki kanpe toupre w pou di: “Ou koupab. Kounye a vire epi kòmanse nan lòt chimen an”? Èske w ta vle deklare menm bagay la nan leve men w, di: “Frè Branham priye pou mwen. Kounye a mwen mande priyè w yo ke Bondye va gen mizerikòd pou mwen”? [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] Èske w ta vle leve men w pandan n ap tann? Bondye beni w, mesye. Yon lòt moun?

Bondye beni w. Bondye beni w, mesye. Bondye beni w, ti piti. Bondye beni w. Èske yon moun ta vle . . . ? Bondye beni w, madam.

⁸⁸ Ou di: “Frè Branham èske sa vle di yon bagay pou m leve men m?” Jis diferans ant lanmò ak Lavi. Ki sa ki pi gran pase Lavi? Ou renmen . . . ou gade lanati. Ou renmen l; ou rayi ale lwen li.

⁸⁹ Jis lòtbò lari a, isi a, lè madanm frè m lan t ap mouri, yon jou maten sa fè anpil ane de sa, lè pòv ti Ruth te leve tèt li, e te gen yon woujgòj ki te poze nan yon pye seriz, e manzè te vle wè l yon fwa ankò . . . Ala li te renmen lanati. Men yon jou lè Jezi vini, manzè va tandè zwazo Letènite yo ap chante. Flè imòtèl yo pral pouse. P ap gen okenn maladi, lapenn, oswa lanmò, paske li te fè lapè li ak Bondye e li te aksepte gran Kris la Ki te mouri pou li. Avèk asirans beni sa Ki pa ka fayi, Pawòl beni Bondye a Ki pa ka bay manti, te pwomèt Lavi Etènèl bay sila yo ki te kwè. Lè w leve men w, sa montre ke gen yon espri anndan w ki pran yon desizyon. Bondye beni w, madam.

⁹⁰ Yon bagay nan ou, yon—yon espri . . . Pa nati bra w yo te fèt pou pandye, e lè w leve men w ou defye lwa gravitasyon yo menm. Sa dwe sinatirèl. Li—li kont syantifik . . . kont tout bagay syantifik pou w brize lwa gravitasyon yo. Li pa ka fèt sòf si gen yon bagay sinatirèl. Bra w yo t ap pandye san rete. Men si, nan kè w, ou kwè istwa Levanjil la epi ou pran desizyon w sware sa a, ke ou fini ak peche, epi nan bèl apwòch sa a sou Kalvè a lè demen, a twazè, nan komemorasyon, nou selebre jou a lè Jezi te mouri pou sali w . . . E ou panse ase sou sa e Sentespri a vini epi frape nan kè w e ou aksepte sa kounye a . . .

91 Ou jis . . . yon bagay nan kè w di: “Leve men w.” Sa montre moun yo, ak Bondye, ke ou kwè sa epi aksepte sa. Bondye beni nou, nou tout timoun piti yo: twa oswa kat ladan yo isi a sou lotèl la, ti gason ak tifi apeprè uit, dizan, yo tout leve men yo an menm tan. Jezi di: “Kite timoun piti yo vin jwenn mwen. Pa anpeche yo, paske Wayòm lan se pou moun konsa l ye.” Èske gen yon lòt anvan nou priye?

92 Bondye beni w, madam. Sa se yon vrè . . . Ou ta ka fè anpil bagay, madam, nan lavi. Sa te reyèl; mwen kwè ou se yon—yon fanm onèt. Epi sonje, ou pat ka leve men w, chè sè, sòf si yon bagay anndan w, yon bagay byen fon nan ou te di: “Fè sa.” Sa ka sanble jis yon tikras foli kounye a pou panse chanèl la, men frè, nan jou sa a lè doktè a mache kite pòt la epi li di: “Sa fini.” Lè l ale lwen debri sa epi l rale ti kò w sa a soti, san an ap koule epi kè w ap bat fò, “Pa gen okenn nesessite pou yo betize avèk yo; yo pati.” O la la. Epi nan panik nan inèdtan w ap eseye repanti, e Bondye di: “Nan kalamite w yo Mwen ka sèlman ri.” Men pandan w rete nan bon sans ou, pandan ou . . . [Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

93 Papa, pandan n ap mennen mesaj sa a nan fen, ak rekòt apeprè kenz moun, ki leve men yo, ki te pechè tout vi yo. E kounye a, pa gras, Ou te pale avèk yo, Ou te fè yo vire tounen dwat epi kite yo fè fas ak Kalvè a, epi tande Pawòl sa yo ki soti nan bouch Pitit Bondye a: “Papa, padonnen yo, yo pa t konn sa yo t ap fè.” Men aswè a yo resevwa Levanjil la. Nou tande L di, kèk jou anvan sa: “Sila ki tande Pawòl Mwen yo, e ki kwè nan Sila ki te voye M lan, gen Lavi etènèl; e li p ap vini nan jijman, men li pase de lanmò a Lavi.” [Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

94 Nou prezante yo ba Ou aswè a, Seyè, kòm pitit Ou yo. Ke benediksyon Etènèl Ou yo repoze sou yo, nan Non Kris nou priye. Ke yo vini dimanch maten, ap pote rad yo, ap di: “Mwen vle fè yon konfesyon piblik bay mond sa a, ke mwen se yon kwayan. Kounye a mwen vle batize nan Non Seyè Jezikri; m ap rele L pou ranpli m ak Sentespri a, epi pran swen m pandan tout lavi a.”

95 Beni jenn medam sa yo, jenn gason sa yo, granmoun aje yo, timoun piti yo, ak tout moun, pran swen yo, Papa, se pou Ou yo ye. E nan fwi mesaj sa aswè a, mwen prezante yo ba Ou, kòm atribi yo. E yo nan men W, kòm don lanmou Bondye, Papa a. Mwen priye ke W va pran swen yo pandan tout lavi. Nan Non Jezi mwen priye. Amèn . . . ? . . .

96 Nou trè kontan genyen nou isi a aswè a, e nou kontan ke nou vini. E demen swa, Mesaj nou an se, demen swa, sou: *Pèfeksyon Kwayan An*. E kounye a vini, mennen yon moun avè w, si pwòp legliz pa w la pa gen sèvis.

97 E kounye a nou pral fè Kominyon an. Petèt kèk nan nou . . . Mwen jis yon ti kras an reta toupiti, kèk minit, e nou pral voye ale sa yo ki dwe ale.

⁹⁸ E sa yo ki swete rete pou pran Kominyon an ak Lavman Pye avèk nou, nou kwè absoliman nan fè chak atik ke Jezi te kite pou nou fè. E si Li vini nan jenerasyon pa m lan, epi L va kite m rete nan bon lespri m epi kenbe lanmou L nan kè m, m ap eseye fè tout sa m kapab pou m fè yo chak, epi pou yo jwenn mwen fidèl nan pòs la. Bondye beni nou kounye a. 

57-0418 Kominyon An
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmasyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org